

D+S  
M  
**Difé lapè**  
Lc 12,49  
20<sup>e</sup> dim. o. C

NF p. 325

Paroles et musique : 18 août 1995

**R. Sé difé mouin vi-n voyé tout koté sou latè.**

Lc 12, 49

**Yon sèl bagay mouin t-a vlé : pou-l t-a déja limin.**

- |  |  |
|--|--|
| 1. Mòd jan lapè mouin poté, sé pa trankilité,<br>Sé chouazi pou nou chouazi sa-k byin an fas sa-k mal. | Lc 12, 51-53 ; Jn 14, 27   |
| 2. Lapè mouin vi-n poté-a, sou vérité-l chita,<br>Li drésé moun youn kont lòt anndan yon minm fanmi.   | Lc 12, 52-53   |
| 3. Yon pòsion gin pou-l tonbé, yon lòt minm pou-l lévé,<br>Sé yon sign kontradiksion k-ap asiré lapè.  | Lc 2, 34   |
| 4. Difé-a gin pou-l boulé sakrifis n-ap ofri,<br>Sé difé Léspri Sin-an k-ap désann sot nan sièl.       | Lv 9, 24 ; Jg 6, 21 ; 1 R 18, 38 ;<br>1 Ch 21, 26 ; 2 Ch 7, 1 ; 2 M 1, 21-22. 31-32 ; 2, 10-11 |
| 5. Sé tankou difé founèz k-ap fonn lò ak lajan,<br>L-ap séparé tout fatra ki pa gin plas yo la.        | Mal 3, 2-3   |
| 6. A 3 zè, vandrédi sin, difé tonbé sou mouin,<br>Li dévoré sakrifis mouin ofri pou lèzòm.             | Mt 27, 50<br><i>Dominum et vivificantem</i>  |